



# Aplike pou Medicaid ak CHIP atravè Maace la

Asirans Sante Marketplace la (Health Insurance Marketplace®) ede moun ak fanmi jwenn ak enskri pou asirans sante. Gen kèk moun ki aplike pou pwoteksyon atravè Marketplace la kalifye pou pwoteksyon atravè Medicaid oswa Pwogram Asirans Sante pou Timoun (Children's Health Insurance Program (CHIP)). Si yo kalifye, eta yo ap enskri yo.

Medicaid ak CHIP se pwogram sante gratis oswa bon mache ki kouvri anpil avantaj, tankou ospitalizasyon ak pasyan ekstèn nan lopital, sèvis doktè, ak medikaman sou preskripsyon. Non pwogram sa yo varye dapre eta a. Vizite [HealthCare.gov/medicaid-chip-program-names](https://www.healthcare.gov/medicaid-chip-program-names) pou aprann non pwogram Medicaid ak CHIP nan eta w la.

## Kijan pou mwen aplike pou Medicaid oswa CHIP?

Genyen de (2) fason ou kapab aplike:

### 1. Atravè Marketplace la

- Vizite [HealthCare.gov](https://www.healthcare.gov) pou kreye yon kont Marketplace epi pou ranpli yon aplikasyon.
- Chwazi " Check for all savings options " (Tcheke pou tout opsyon ekonomi yo) sou aplikasyon w lan.
- Si enfòmasyon ki nan aplikasyon w lan montre ke yon moun nan kay ou a ka kalifye pou Medicaid oswa CHIP, Marketplace la ap pataje an sekirite aplikasyon w lan ak eta w la. Eta w la ap kontakte w si nenpòt moun nan kay ou kalifye, oswa si yo bezwen plis enfòmasyon pou konfime kalifikasyon.
- Ou ka rele Sant Apèl Marketplace la tou nan 1-800-318-2596 pou aplike. Moun ki itilize TTY yo ta dwe rele nimewo 1-855-889-4325.

### 2. Dirèkteman nan eta ou

- Pou aplike, vizite [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu) epi chèche jwenn eta ou pou kòmanse.

## Kiyès ki kalifye pou Medicaid oswa CHIP?

Medicaid ak CHIP bay asirans sante gratis oswa a bon mache pou sèten moun ki pa gen anpil revni, fanmi ak timoun, fanm ansent, granmoun aje, ak moun ki andikap. Nan kèk eta, pwogram yo kouvri lòt granmoun yo tou. Timoun ak fanm ansent nan fanmi ki gen revni twò wo pou kalifye pou Medicaid ka kalifye pou CHIP.

Si w ap viv nan yon eta ki elaji Medicaid pou granmoun, ou ka kalifye an 2023 si w fè jiska \$20,120 pa ane pou 1 moun, oswa \$41,400 pou yon fanmi 4 (kantite revni yo diferan nan Alaska ak Hawaii). Ou ka kalifye tou pou lòt rezon anplis de revni. Chak eta gen kondisyon diferan ki ka afekte kalifikasyon w pou Medicaid ak CHIP, tankou si w gen timoun, si w ansent oswa si w gen yon andikap. Li enpòtan pou w aplike pou w konnen si w kalifye, epi pou w bay enfòmasyon ki pi ajou.

Si revni ou pi wo pase kantite lajan ki kalifye nòmal yo, ou ka toujou kalifye pou Medicaid nan kèk eta, selon bezwen medikal ou. Pou konnen si w kalifye pou rezon sa a, ou ka tcheke yon kare sou aplikasyon Mache a Marketplace la pou w mande yon detèminasyon Medicaid konplè apre w fin soumèt aplikasyon w lan.

### Kisa Medicaid kouvri?

Anjeneral, tout pwogram Medicaid eta yo kouvri:

- Sèvis enfimiyè pedyatri ak enfimiyè fanmi sètifye
- Sèvis doktè
- Sèvis tè depistaj, dyagnostik ak tretman bonè ak peryodik (EPSDT)
- Sèvis ak founiti pou planifikasyon famiyal
- Sèvis Sant Sante ki kalifye federalman
- Sèvis sante nan kay
- Sèvis lopital pou pasyan ki entènè ak pou pasyan ekstèn
- Sèvis laboratwa ak radyografi
- Sèvis swen alontèm
- Transpò ki nesèsè pou ale ak pou soti nan klinik founisè medikal yo
- Sèvis enfimiyè fanmsaj
- Medikaman sou preskripsyon
- Sèvis nan klinik sante riral yo
- Sispanasyon tabak pou fanm ansent

Eta yo ka chwazi pou kouvri plis sèvis pase sa ki endike anwo a.

### Kisa CHIP kouvri?

Chak eta dirije pwòp pwogram CHIP pa yo. Eta yo ka deside sou ki avantaj CHIP kouvri yo, men tout eta yo kouvri:

- Swen dantè
- Sèvis ijans
- Swen lopital
- Vaksen yo
- Sèvis laboratwa ak radyografi
- Swen sante mantal
- Medikaman sou preskripsyon
- Tèks regilye

Timoun yo ap jwenn swen prevantif gratis anba CHIP. Gen kèk eta ki gendwa chaje pri ki ba (tankou yon franchiz oswa kopeman) pou lòt sèvis.

## Si m kalifye pou Medicaid oswa CHIP, èske map bezwen achte yon plan Marketplace?

Non. Si ou jwenn yon detèminasyon final ke ou kalifye pou Medicaid ki konte kòm kouvèti ki kalifye, oswa CHIP, ou p ap kalifye pou kredi taks prim oswa lòt ekonomi pou ede peye pou pri a nan yon plan Mache a Marketplace. Sa vle di si w toujou deside achte kouvèti Mache a Marketplace, w ap oblije peye tout pri pou prim plan an ak sèvis ki kouvri yo. Pou aprann plis sou Medicaid ki konte kòm kouvèti ki kalifye, vizite [HealthCare.gov/medicaid-limited-benefits](https://www.healthcare.gov/medicaid-limited-benefits).

Si w chwazi pou w genyen pwoteksyon Mache a Marketplace, ou ta dwe di ajans Medicaid eta oswa CHIP la ke w enskri nan yon plan Marketplace. Ou ka pa kalifye ankò pou CHIP si w enskri nan kouvèti Mache a Marketplace.

Pou aprann sou mete fen nan kouvèti Marketplace lè w ap resevwa Medicaid oswa CHIP, vizite w [HealthCare.gov/medicaid-chip/canceling-marketplace-plan](https://www.healthcare.gov/medicaid-chip/canceling-marketplace-plan).

## Kilè mwen ta kapab aplike?

Kòm Medicaid ak CHIP pa gen Peryòd Enskripsyon Ouvè, ou ka aplike nenpòt ki lè, menmsi ou fèk pèdi pwoteksyon ou. Pa gen limit nan kantite fwa ou ka aplike. Pou aplike (oswa re-aplike) pou Medicaid oswa CHIP, vizite [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu) epi chèche eta w pou pwochen etap yo. Si w kalifye, eta w ap di w dat kouvèti w la kòmmanse. Dat kòmansman kouvèti Medicaid ak CHIP yo varye selon eta a.

## Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou Medicaid ak CHIP?

- Vizite [HealthCare.gov/medicaid-chip](https://www.HealthCare.gov/medicaid-chip).
- Vizite [Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu](https://www.Medicaid.gov/about-us/beneficiary-resources/index.html#statemenu) pou jwenn enfòmasyon sou kontak Medicaid ak CHIP eta w la.
- Vizite [InsureKidsNow.gov](https://www.InsureKidsNow.gov), oswa rele 1-877-543-7669 pou plis enfòmasyon sou pwogram CHIP nan eta w la.

## Kijan mwen ka aprann plis?

Pou aprann plis sou kouvèti asirans atravè Marketplace la oswa avantaj ak pwoteksyon ou yo, vizite [HealthCare.gov](https://www.HealthCare.gov) oswa rele Sant Apèl Marketplace la nan 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

Ou gen dwa pou jwenn enfòmasyon Marketplace nan yon fòm aksèsib, tankou gwo lèt, bray, oswa odyo. Se dwa w tou pou soumèt yon plent si w santi yo te fè diskriminasyon kont ou.

Vizite [CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice](https://www.CMS.gov/about-cms/agency-information/aboutwebsite/cmsnondiscriminationnotice), oswa rele 1-800-318-2596. Moun ki itilize sistèm TTY yo kapab rele nan 1-855-889-4325.

### Health Insurance Marketplace

CMS Product No. 11800-HC (Haitian-Creole)  
July 2023

This product was produced at U.S. taxpayer expense.

Health Insurance Marketplace® is a registered service mark of the U.S. Department of Health & Human Services.



HealthCare.gov